

Sant Akèy Boston (The Boston Home Center) Gid Rapid sou Pwogram Reparasyon Kay

Depatman Devlopman Katye (Department of Neighborhood Development), atravè Sant Akèy Boston (Boston Home Center), ede pwopriyetè kay ki kalifye selon revni yo avèk prè ak asistans teknik pou repare kay yo. Gen pwogram ki genyen restriksyon laj pou granmoun 62 lane oswa plis, epi asistans pou retire plon nan fwaye ki genyen timoun pi piti pase 6 lane. Kèk nan prè yo non ranbousab. Pwogram HELP yo egzije 1/3 nan prè a dwe sèvi pou reparasyon deyò kay la. Tout pwogram yo ofri evalyasyon enèji gratis atravè Renew Boston.

Pwogram Prè sou Valè Kay HomeWorks (HomeWorks HELP) bay pwopriyetè kay ki kalifye yo yon prè reparasyon kay a yon to enterè 0% epi peman difere jiska \$30,000 pou yon kay pou 1 a 4 fanmi. Yo egzije pwopriyetè kay ki genyen revni ant 120-135% Revni Medyàn Rejyonal (Area Median Income, AMI) dwe bay yon fon kontrepati 1 dola pou 1 dola (\$1:\$1). Kondominyòm nan asosyasyon kondominyòm 1 a 6 inite yo gen dwa resevwa jiska \$10,000.

Reparasyon pou Kay Granmoun Aje (Senior Home Repair) pou pwopriyetè kay ki genyen kay pou 1 a 4 fanmi, ki gen plis pase 62 lane, k ap viv nan kay la epi ki fè mwens pase 80% HUD AMI, genyen yon prè reparasyon a yon to enterè 0% epi peman difere pou tout bagay, sòti nan ti reparasyon rive nan ranplasman sistèm chofaj. Yo detèmine montan prè yo selon bezwen sante ak sekirite.

Ekonomi pou Granmoun Aje (Seniors Save) pou pwopriyetè kay ki genyen kay pou 1 a 4 fanmi, ki gen plis pase 60 lane, ki fè mwens pase 80% HUD AMI, genyen yon sibvansyon \$8000 pou ede pwopriyetè kay kalifye yo ranplase ansyen sistèm chofaj yo a; genyen tou yon prè difere a 0% enterè pou balans ranplasman a.

LeadSafe Boston (Timoun pi piti pase 6 lane) ofri yon prè non ranbousab **jiska \$10,000** pa inite lojman pou diminye enpak penti ki genyen plon, epitou yon asistans teknik pou asire respè Lwa Massachusetts sou Plon (Lead Law). Pwopriyetè kay 1 a 4 inite oswa kondominyòm ki viv ladan yo dwe satisfè avèk 80% estanda kalifikasyon AMI a; pwopriyetè bilding 1 a 4 inite dwe pwouve genyen omwen 50% rezidan bilding la ki genyen revni ba/modere, epi rès inite yo se fanmi ki genyen yon revni ki a 80% oswa pi ba CDBG pou Revni Modere (CDBG Moderate Income) ki rete ladan yo.

**Pou Plis Enfòmasyon:
HomeCenter.boston.gov oswa 617.635.4663**